



Silver Lakes Middle School
Errol A. Evans, Principal
7600 Tam O'Shanter Blvd.
North Lauderdale, FL 33068
Tel. 754-322-4600
silverlakes.browardschools.com

The School Board of
Broward County, Florida
Torey Alston, Chair
Lori Alhadeff, Vice Chair

Daniel Foganholi
D Manuel Serrano
Debra Hixon
Sarah Leonardi
Ryan Reiter
Nora Rupert
Manuel Serrano
Kevin Tynan

Dr. Vickie L. Cartwright
Superintendent of Schools

Notis Anyèl pou Paran/Gadyen (Dwa-pou-Konnen)
Dwa pou fè yon demann enfòmasyon sou kalifikasyon Pwofesè/Parapwofesyonèl

September 19, 2022

Pou Paran/Gadyen:

Nan kad Lwa 2015 chak Elèv Reyisi (ESSA) [*Every Student Succeeds Act (ESSA)*], distri lekòl nou resevwa finansman li nan men gouvènman federal pou pwogram Title I. Kòm youn nan kondisyon ekzijib pou nou resevwa fon-sa-yo, nou dwe notifye paran/gadyen sou dwa-yo pou fè yon demann enfòmasyon epi resevwa enfòmasyon an konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit-yo ak asistan ann edikasyon (parapwofesyonèl).


Lalwa ba-ou dwa mande konnen ransèyman sa-yo:

- Si pwofesè pitit-ou satisfè kritè lisans ak kalifikasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (FLDOE) ekzije pou klas ak matyè (oswa plizyè matyè) lap anseye;
- Si yo wete kondisyon FLDOE kifè lekòl-la va otorize pwofesè a anseye lè yon sityasyon ijans (emèjensi) oswa dapre lòt klòz ki mansyone nan kontra;
- Si pwofesè a diplome kolèj ak yon *major*, nan ki disiplin akademik oswa espesyalizasyon li obteni diplòm/sètifikasyon, sik etid siperyè;
- Si parapwofesyonèl, nan kad responsablite-yo, founi pitit-ou sèvis epi, nan ka sa, ki kalifikasyon parapwofesyonèl-yo;
- Nivo akonplisman ak nòt pitit-ou obteni nan tèst evalyasyon akademik Leta ekzije.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt enfòmasyon ki dekri anwo a, tanpri rele nimewo lekòl-la 754-322-4600 epi mande pale ak Akesha Rawls-Schubert pou Silver Lakes Middle School.

Mèsi paske ou montre ou enterese epi pou patisipasyon ou nan edikasyon pitit-ou.

Avèk respè,

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Akesha Rawls-Schubert', written in a cursive style.

Principal's Signature